Хетæгкаты Къостайы райгуырæн бон

(развлечение)

ДОУ №7
Ирон æвзаджы ахуыргæнæг
Хамыцаты М.Т.

I. Сывæллæтты æрбацыд (дидинджытимæ), (хъуысы ирон музыкæ, сывæллæттæ æрлæуыдысты Къостайы къамы цур).

II. Перекличка.

Камила. Ǽз бирæ æвзæгтæ куы зонин
Куы базонин се'ппæты тых
Æз дзыллæты ирмæ æрхонин
Æгъдауæн сын аргæвдис фыс

Зарина. Фыццаг сæм иронау ысдзурин
Сæ хистæрмæ раттин сыкъа
Æз кæмтæн сæ кæмттæ фæдзурин
Кæм райгуырд æнустæм Къоста!

Амонæг. Абон у 15 октябрь, Хетæгкаты Леуаны фырт Къостайы райгуырæн бон.
-Сывæллæттæ, дидинджытæ ма йын сывæрут вазæйы.
-Ныр та сбадут æмæ мæм лæмбынæг æрдайхъусут. Æз уын радзурдзынæн цыбыргондæй Къостайы царды хабæрттæ.
Хетæгкаты Къоста райгуырди тынг раджы, 100 азæй дæр раздæр. Фæлæ ирон адæм нæ рох кæнынц сæ каджын, сæ цыджын фыссæг Къостайы ном. Æмæ цас фылдæр азтæ цæуы, уыйбæрц ирон адæм кадджындæр кæнынц Къостайы ном.
Къоста райгуырди Нары хъæуы. Дыуæ мæйы йыл куы цыди, уæд амарди йæ мад, æмæ йæ схаста сæ сыхæгты ус.
Къоста уыди зæрдæхæлар лæппу, æххуыс кодта хæдзары куыстытæ кæнынмæ.
Тынг раджы райдыдта фыссын æмдзæвгæтæ, скъоладзауæй. Фыста мæгуыр ирон адæмы Тыххæй. Бирæ уарзта сывæллæтты, фыста сын æнцон хъуыдыгæнæн æмдзæвгæтæ, зарджытæ
Йæхи хъаруйæ сахуыр кодта æмæ ссис афтид зынгонд фыссæг нæ, фæлæ ма Диссаджы нывгæнæг. Къостамæ бирæ нывтæ ис, фæлæ уын æз абон равдисдзынæн йæ дыуæ куысты. Æрбакæсут-ма ацы нывмæ «Дурсæттæг сывæллæттæ» - уый равдыста мæгуыр сывæллæтты цард. Уыдон æрдæгбæгънæгæй, æмпъызтытæ дзаумæтты æххормагæй кодтой уæззау куыст, цæмæй сыдæй ма амæлой.
- Мæнæ иннæ ныв «Скорбящий ангел», «Хъыггæнæг зæд». Къоста амдæр равдыста мæгуыр адæймаджы. Уый кувы хуыцаумæ. Раздæр иу адæм афтæ куывтой, уыйтыххæй, æмæ сæм къæбæр бахæрыммæ уа, хъæздыг дæр уой, æнæниз ой, сæ тыллæг хорз куыд æрзайа, æххормагæй ма амæлой. Ныр дæр ма бирæтæ кувынц. Хуыцаумæ чи кувы, уыдонæн се'ппæтæндæр у æхуысгæнæг.
- Ныр та мах сымахимæ, сывæллæттæ, Къостайы райгуырæн боны тыххæй абон кафдзыстæм, зардзыстæм, æмдзæвгæтæ дзурдзыстæм.

III. Ныртæккæ нын нæ сабитæ азардзысты зарæг **«Фæзæг».**

IV. Байхъусдзыстæм ныр та æмдзæвгæтæм.

Марианна. **«Нартон хъæбул»**
Сызгъæрин фест бæркадхæссæг фæззæг
Æз дæу æппындæр ницæимæ барын
Ды Ирæн радтай зæдыхуызæн лæг.
Нæртон хъæбул – ирон гени – Къостайы.

Лаурæ. **«Къоста»**

Зарджытæ сабитæн
Чи фыста, чи уыд?
Чи радта ирæттæн
Диссаджы чиныг?

Чи уыд?
Куыд чи уыд?
Уарзон Къоста
Сауæрфыг, саурихи, сауцæст Къоста!

Наташæ. **«Ирыстоны хъæбул».**

О, нæхи Къоста!
Сабиты уарзон фыд
О, нæхи Къоста!
Иры сахъдæргуырд
Абон дыл æххæст кæны
Сæдæцыппор фараст азы
Ракæс, байхъус нæм
Чи дæ фылдæр уарзы?
Дзурæм дын де'мдзæвгæтæ
Стырæй, чысылæй.
Зарæм дын дæ зарджытæ
Хæхбæстæй, быдырæй!

Милана. **«Ирон фæндыр».**

Ирон фæндыр, ирон фæндыр
Дæ кой дунейыл хъуыст
Леуаны фырт Къостайы ном
Къæдзæхы риуыл фыст
Дæ судзгæ цæссыг хъарм тугæй
«Ирон фæндыр» у фыст.

V. – Ныртæккæ та мах ахъаздзыстæм змæлгæ хъазт «Сывæллæттæ æмæ Тъох»

Сабитæ лæууынц зылды. Сæ иу зылды астæу. Уый у Тъох йæ къухы амонæн къæцæл, размæ æвдисгæйæ лæууы, йæ цæстытæ æхгæд, йæ сæрыл цы нымæты худ ис, уымæй. Куыд ницы уына афтæ.
Зилы йæ мидбынаты æмæ дзуры:
1-2-3-4 – æрлæууы, амоны йæ къæцæлæй иу сывæллонмæ – ды дæ дзырд мæнмæ æппар.
Къаммæ бацамоны къæцæлæй уый йæ фæрсы:
- Базон-базон, чи дæн æз?
Кæд æмæ нæ базона йæ хъæлæсæй, уæд сабитæ сæ сæртыл фæхауынц, худынц йыл, дзурынц.

Ох, ох, ох! Ох, ох, ох!
Ницы ‘мбары махæн Тъох!
Хъусы взæр йæ хъустæй
Байдзаг кæны бустæй!
(Тъох ацæуы тæргай хуызæй йæ бынатмæ)

Æвзарæм та ног лæппу Тъох нымайæны фæрцы, æмæ хъазт дарддæр цæуы, раздæрау. Кæд базона чи дзуры уый йæ хъæлæсæй, уæд зылды чи лæууы уыдон дзурынц.

Ох, ох, ох! Ох, ох, ох!
Тынг зонддын у махæн Тъох.

VI. Æз æмæ сывæллæттæ равдисдзыстæм инсценировкæ «Бирæгъ æмæ хърихъупп».

Алчи зингæнæджы
Бирæгъ фæхоны.
Бирæгъ зыд кæй кæны,-
Чидæрид зоны…
Раджы та иу бирæгъ
Нард хæдмæл хордта,
Афтæмæй адæмæн
Тугуарæн кодта.
Диссаг æвналынмæ,-
Цас ын æнтысти!
Цалынмæ уæныстæг
Хурхы нынныхсти.
Атылди, адаргъ,
Нал уыд йæ сæрæн…
Амонд йæ хъахъхъæнæг
Ахæм æвзæрæн!
Хърихъупп хæстæджыты
Донбылтыл зилы…
Бирæгъ йæ цыппæртæ
Хърихъупмæ тилы.
- Ай та цы диссаг у?-
Рагæй æрæгмæ
Никуы мæм бабæллыд
Бирæгъ хæстæгмæ…
Хърихъупп фæзæрдæхæлд
Абадт йæ цуры:
- Цæй-ма, цы мæ кæныс?
Сырд ма кæм дзуры!
Иу цæст ма фезмæлыд
Иннæ ныдздзагъыр…
Хърихъупп цæстæнгасыл
Рагæй уыд ахуыр,-

Бирæгъ хъæлæсы
Фатау фæцавта
Даргъ бырынкъ, афтæмæй
Уæныстæг сдавта.

Бирæгъ ысулæфыд…
Фервæзт нæ рынчин!...
Хърихъупп æм бадзырдта
- Цæй-ма, мæ мызд мын!

Сырд дын фæхъæрласта
- Гъæ, дзæгъæлхæтæг!
Гас мын кæй баззадтæ
Абон дæхæдæг!

Бузныг цæуыннæ дæ,
Гайтма мæ дзыхæй
Де'взæр лæгуын къоппа
Райстай дзæбæхæй?!

Барст дын уæд ацы хатт,
Ацы тыхтона!
Искуы мА фембæлæм,-
Додой дæ къона!

VII. Сыввæллæттæ азардзысты зарæг «Æрра фиййау»

IX. Хъазт «Чепена»

X. Æмдзæвгæтæ.

Мæнæ кæм астæуккаг къордæй дæр æрбацыдысты сывæллæттæ, æмæ уыдоны дæр фæнды радзурын æмдзæвгæтæ.
Чи хуыздæр дзы радзурдзæн цымæ?

Хетæг. «Гино»

Гино, гино, гисс!
Иу гæды нæм ис
Хъарм фæлмæн кæрц дары
Къонайыл хуыссæ
Аргъæуттæ мысы
Хъал зæрдæйæ зары.

Ляна. «Фыдуаг»

О, цъиусур
Ма мæм дзур
О, рувас,
Ма мæм уас
Хуысгæ ма кæнын.

О, цæргæс

МА мæм кæс!
О, тæрхъус,
Ма мæм хъус!-
Кæрдзынил кæуын!..

Сæрмæт. **«Уасæг».**
О, уасæг, уасæг
Сызгъæрин къоппа
О, уасæг, уасæг
Сырхзæлдаг боцъо
Куыд раджы фесты
Куыд хъæрæй зарыс
Нæ буц лæппуйы
Хуыссын нæ уадзыс.

Дзера. **«Лæгау»**
Фест райсомæй лæгау.
Ныхс сапонæй дæхи
Æмæ-иу скув; хуыцау!
Фæдзæхсын дыл мæхи!
Цæттæ дæ хызын дæр
Тагъд де'скъоламæ уай!
Æнæзивæг куы уай!
Хуыздæр бынат дæ бар!
Зонд амонæгмæ хъус
Цы зæгъа, уый-иу кæн
Зæрдæхъæлдзæгæй кус
Æмæ баззай лæгæн!

XI. Кафт «Хонгæ»

Ныр та нын сывæллæттæ акафдзысты кафт «Хонгæ».

XII. Зарæг «Коста»

Сывæллæттæ нын азардзысты уырыссаг æвзагыл зарæг «Коста»

Абон нæ равдыст фæци.
Бузныг сывæллæттæ, бузныг æрбацæуæг адæм. Хæрзбон.